

# LAFWA



« Lè yon moun di li gen **konfyans nan Bondye**, sa vle di li sèten li gen pou l' resevwa sa l'ap tann lan. Li gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste tout bon vre. » (Ebre 11 :1)

« Or **la foi** est une ferme assurance des choses qu'on espère, une démonstration de celles qu'on ne voit pas. » (Hebreux 11 :1)



## Tab de matyè

Entwodiksyon sou lafwa.....	Paj 1
Kisa lafwa a ye menm?.....	Paj 3
Lafwa se pa kwayans nan emosyon.....	Paj 6
Nan non Jezi.....	Paj 9
Egzanp moun nan lafwa.....	Paj 14
Lafwa ak sove.....	Paj 18
Kòman yon moun viv pa lafwa.....	Paj 20
Rezon ki kapab lakòz yon moun pa mache pa lafwa.....	Paj 24
Febli nan lafwa osinon pèdi lafwa.....	Paj 26
Gwo mesye nan Bib la.....	Paj 29



# Prefas

« Antan Jezi t'ap antre lavil Kapènwòm, yon kaptenn lame women an vin bò kote li. Li mande l' yon sèvis. Li di l' konsa: Mèt, domestik mwen an kouche lakay, li paralize nèt, l'ap souffri anpil. Jezi di l' konsa: Mwen pral geri l' pou ou.

Men kaptenn lan reponn li: Mèt, mwen pa merite pou ou antre lakay mwen. Men, annik bay yon lòd ase, domestik mwen an va geri. Mwen menm k'ap pale avè ou la a, mwen sou zòd chèf, mwen gen sòlda sou zòd mwen tou. Lè m' di yonn ale, li ale. Lè m' di yon lòt vini, li vini. Lè m' di domestik mwen an fè sa, li fè li.

Lè Jezi tande pawòl sa yo, li sezi. Li di moun ki t'ap mache dèyè li yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: mwen poko janm jwenn yon moun nan pèp Izrayèl la ki gen konfyans nan Bondye tankou nonm sa a. Mwen p'ap kache di nou sa: anpil moun va soti nan peyi solèy leve ak nan peyi solèy kouche, y'a vin chita sou tab ansanm ak Abraram, ak Izarak, ak Jakòb nan Peyi Wa ki nan syèl la.

Men, moun ki pou ta antre nan Peyi Wa a, y'ap voye yo jete deyò nan fènwa. Se la va gen rèl, se la moun va manje dan yo. Apre sa, Jezi di kaptenn lan: Ale lakay ou. Tout bagay ap pase pou ou jan ou kwè l' la. Menm lè a, domestik la te geri. » (Matye 8 :5-13)

Pasaj sa a se yonn nan gran pasaj ki montre nou jan ke yon moun genyen lafwa. Non sèlman ke kaptenn nan te genyen lafwa ke Jezi te kapab geri sèvitè li a, men li te genyen lafwa ke Jezi pat menm bezwen deplase ale lakay li pou travay sa a te fèt. Li te genyen konfyans ke si Jezi te sèlman pale, sèvitè a tap geri.

Nan etid ke nap fè nan ti liv sa a, nou pral pale sou kisa lafwa ye ; nou pral eseye konprann enpòtans lafwa nan lavi yon kretyen. Nap itilize liv Ebre a kòm youn nan pwen santral nou paske nou jwenn ke liv Ebre a pale anpil sou sijè sa a.

Nou swete ke youn nan rezilta etid sa a, se va yon lafwa ki pi fèm nan Bondye paske san lafwa, pa genyen pèsonn ki kapab fè Bondye plèzi.

*Frank Pierre-Jacques*

*Sèvitè Bondye*



**D**aprè non liv Ebre a, nou kapab wè ke liv sa a, se yon lèt ki te ekri pou gwoup moun

jwif ki te vin asepte Jezi. Moun sa yo te leve nan relijyon Jidayis la anvan ke yo te vin kretyen. Istwa fè nou konnen ke kretyen sa yo te vin ap fè fas ak pèsekisyon ki te vle fè yo dekouraje. Konsa, otè ki ekri lèt sa a te vle ankouraje yo pou yo te kenbe fèm nan lafwa. Nan **Ebre 2:2**, nou li:

*« Se poutèt sa, nou dwe kenbe verite yo te moutre nou yo pi fèm toujou pou nou pa pèdi chemen nou. »*

*« C'est pourquoi nous devons d'autant plus nous attacher aux choses que nous avons entendues, de peur que nous ne soyons emportés loin d'elles. »*

Vèsè a di ke nou dwe atache nou ak bagay ke nou te tandè yo pou lòt bagay pa pote nou ale lwen sa ke nou te tandè yo. Poukisa ke bagay ke nou tandè yo enpòtan?

Nou jwenn repons lan nan **Ròm 10:17** ki di:

*« Konsa, se lè ou tandè mesaj la ou vin gen konfyans. Mesaj la, se pawòl Kris la y'ap anonse. »*

*« Ainsi la foi vient de ce qu'on entend, et ce qu'on entend vient de la parole de Christ. »*

## Otè Liv Ebre a

Genyen moun ki kwè ke se Pòl ki te ekri liv Ebre a; genyen lòt otè ke yo di ki te ekri lèt sa a tankou Apòlòs, Banabas, Lik, Prisil, Kleman de Wòm. Men, pa genyen moun ki sèten de otè liv sa a.

Sa ki enpòtan, sè ke liv sa a genyen a wè ak nou menm kap viv anviwon 2 mil ane aprè lèt sa a te ekri. Lè nou etidye liv sa a, youn nan pwen santral liv Ebre a se: **Lafwa**.

Nan etid sa a, nou prale wè ke lafwa jwe anpil wòl nan lavi nou san ke nou gen dwa pa menm reyalize sa.

## Enpòtans lafwa

Daprè liv Ebre a, lafwa se yon bagay ki genyen anpil enpòtans. Nan tradiksyon Bib kreyòl la, genyen anpil vèsè ke yo pa itilize mo “lafwa a”; yo itilize: “konfyans nan Bondye”. Pou etid la nap itilize mo “lafwa a”, paske tout moun itilize mo sa a; epi nou kwè ke konfyans ak lafwa pa fin menm bagay nèt paske nou pa itilize yo menm jan an. Pa egzanp, genyen moun nan lavi nou

ke nou fè konfyans, men nou pa genyen lafwa nan moun sa yo.

Nan **Ebre 11:6**, nou li:

« *Nou konnen pesonn pa ka fè Bondye plezi si li pa **gen konfyans nan Bondye.*** »

« *Or sans la foi, il est impossible de lui être agreeable.* »

San lafwa, li enposib pou ou fè Bondye plèzi. Sa vle di ke ou gen dwa fè tout kalite bon bagay, men san lafwa, bagay sa yo pap fè Bondye Plèzi. Nan **Jenèz 4, vèsè 3 a 5**, nou li:

« *Kèk tan apre sa, Kayen pran nan rekòt li, li ofri bay Seyè a. Abèl menm, bò pa l', pran sa ki pi gra nan premye pitit mouton l' yo, li ofri bay Seyè a. **Seyè a te kontan ofrann Abèl la. Men, li pa t' asepte ofrann Kayen an.** Lè Kayen wè sa, li te move anpil. Li move, li mare figi l' byen mare.* »

Pou ki rezon ki fè ke Bondye te asepte ofrann Abèl la?

Genyen moun ki di ke se paske Abèl te ofri bèt ki fè ke Bondye te asepte ofrann li an. Men, nan **Ebre 11, vèsè 4**, nou li:

« *Se paske **Abèl te gen konfyans nan Bondye** kifè li te ofri bay Bondye yon ofrann bèt ki pi bon pase pa Kayen an. Paske li te gen konfyans, Bondye asepte l' pou yon moun ki dwat. Se konsa Bondye te asepte kado li te fè l' la. Se paske li te gen konfyans sa a kifè Abèl ap pale toujou jouk koulye a, atout li mouri.* »

« *C'est **par la foi** qu'Abel offrit à Dieu un sacrifice plus excellent que celui de Caïn; c'est par elle qu'il fut déclaré juste, Dieu approuvant ses offrandes; et c'est par elle qu'il parle encore, quoique mort.* »

Se te pa lafwa ke Abèl te ofri sakrifis la bay Bondye ki fè ke Bondye te apwouve ofrann lan. Se pat paske se te yon ofrann bèt osinon Abèl te pi bon moun pase Kayen. **Kle a se te lafwa!**



# Kisa lafwa a ye menm?

Konsa, nou wè jan ke lafwa enpòtan anpil devan zye Bondye. Si Bib la di ke san lafwa, li enposib pou yon moun fè Bondye plezi, nou sèten ke Bib la ap di nou kisa ke lafwa a ye.

Nan **Ebre 11, vèsè 1**, nou li:

*« Lè yon moun di li gen **konfyans nan Bondye**, sa vle di li sèten li gen pou l' resevwa sa l'ap tann lan. Li gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste tout bon vre. »*

*« Or **la foi** est une ferme assurance des choses qu'on espère, une démonstration de celles qu'on ne voit pas. »*

Daprè pasaj la, lafwa se: yon asirans fèm pou kèk bagay ke ou espere, yon demonstrasyon (evidans osinon prèv) bagay ke nou pa wè.

## Definisyon:

- 1- **Asirans fèm**: sa vle di pa genyen okenn dout; ou si e sèten de sa
- 2- **Bagay ke ou espere**: sa vle di yon bagay ki nan fiti ou ke wap tann, se pa yon bagay ki deja nan men ou.
- 3- **Yon demonstrasyon**: se bagay sa a ki demontre, ki pwouve osinon se evidans lan menm.
- 4- **Bagay ke nou pa wè**: bagay ke nou pa wè ak je fizik nou.

Nan lafwa, nou wè:

**a- Yon asirans fèm pou yon bagay ke moun nan espere (ap tann)** - Se yon bagay ke moun nan ap tann; bagay la poko vini, men moun nan asire ke sa ke lap tann nan ap vin jwenn li kantmèm. Moun nan pa genyen okenn dout sou sa; se tann lap tann pou sa ke li espere a.

Pa egzanp, si nou pran sali a, ki vle di « **sove** », ki vle di ankò « **lavi etènèl** ». Paske nou sove, nou genyen lavi etènèl, nou konnen ke nou genyen pou nou al viv ak Jezikri lè Li tounen vin chèche legliz. Se lafwa ki ba nou asirans sa a; se lafwa ki ba nou asirans ke Jezi ap tounen vin chache nou. Si yon moun doute sou sa osinon yon moun pa kwè ke sa gen pou li rive, se yon pwoblèm lafwa li genyen.

**b- Yon demonstrasyon (evidans osinon prèv) bagay ke nou pa wè** – Lafwa demontre bagay ke nou pa wè. An nou pran kòm egzanp, yon moun kap fè komès pen. Chak fwa ke li achte pen pou li revann epi li pote pen yo lakay li, li toujou jwenn 2 osinon 3 pen ki manke; sa vle di ke genyen yon moun nan kay la kap volè nan pen yo. Si genyen anpil moun nan kay la, moun nan gen dwa sispèk yon moun, men li pa genyen okenn prèv ki demontre ke se moun li sispèk la kap fè travay sa a.

Men, si li kache yon kote pou li siveye pen yo, epi li bare youn nan moun nan kay la ap pran nan pen yo pou li manje, kounye a li genyen evidans, li genyen prèv. Sa demontre ke se moun sa a ki tap volè pen yo. Bare moun nan ak men li nan sak la se prèv la.

An nou gade sa ke pasaj la di nou la a! Lafwa se demonstrasyon osinon prèv bagay ke nou pa wè.

Pa egzanzp, nou aprann ke Bondye kreye latè ak tout sa ki ladan li, ki sa ki pwouve sa? **Lafwa.**

Nou kwè ke Jezi te mouri sou yon kwa pou nou te kapab jwenn padon pou peche nou, kisa ki demontre ke se yon verite ke sa ye? **Lafwa.**

Ki prèv ke nou genyen ki demontre ke Jezi ap tounen vini chache moun sove yo? **Lafwa.**

Konsa, se lafwa ki kle nan lavi yon kretyen. Se sak fè Pòl fè deklarasyon sa a nan **2 Korent 5**, vèsè **7 a 8** ki li:

*« Si n'ap mache, se pa paske nou wè tout bagay klè, men se paske nou gen konfyans nan Kris la. Nou gen gwo kouraj epi nou ta pito kite kò sa a pou n' al rete toupre Seyè a. »*

*« Car nous marchons par la foi et non par la vue, nous sommes pleins de confiance, et nous aimons mieux quitter ce corps et demeurer auprès du Seigneur »*

Pòl vle fè moun Korent yo konprann ke li pa viv lavi li baze sou sa ke li wè ak zye li, men se pa lafwa ke lap viv. Si yon moun ap viv baze sou sa ke lap gade alantou li, moun sa a ap genyen anpil pwoblèm. Se rezon sa a ki fè ke anpil kretyen pa janm rive pote vikwa nan yon seri de batay ke yo genyen nan lavi yo. An nou li yon pasaj pou apiye sa ke Pòl ekri a:

*« Touswit apre sa, Jezi fè disip li yo moute nan kannòt la, li voye yo devan lòt bò lanmè a. Li menm, li te rete dèyè pou l' te voye moun yo ale. Lè li fin voye yo ale, li moute pou kont li sou yon ti mòn pou l' lapriyè. Solèy te fin kouche, li te la toujou pou kont li. Kannòt la menm te gen tan yon bon distans sou lanmè a. Men, lanm yo t'ap bat li, paske van an te kontrè pou yo.*

*Douvan jou, Jezi pran mache sou dlo a pou li al jwenn yo. Lè disip yo wè l' ap mache sou dlo a, yo te pè anpil, yo t'ap di: Se yon revenan. Yo pran rele tèlman yo te pè. Menm lè a, Jezi di yo: Pran tèt nou. Se mwen menm. Nou pa bezwen pè.*

*Lè sa a, Pyè di li: Mèt, si se ou menm vre, di m' vin jwenn ou sou dlo a. Jezi di li: Vini non. Pyè soti nan kannòt la, li kòmanse mache sou dlo a pou li al jwenn Jezi. Men, lè Pyè wè jan van an te fò, li pè. Lè sa a, li kòmanse koule, li pran rele: Mèt, sove m' non!*

*Menm lè a, Jezi lonje men l', li pran Pyè, li di li: **Gade jan ou manke konfyans.***

*Poukisa ou pa te fin kenbe konfyans ou nèt? Yo tou de moute nan kannòt la, lamenn van an kase. » (Matye 14:22-32)*

Nan vèsyon fransè a, vèsè 31 an li:

*« Aussitôt Jésus étendit la main, le saisit, et lui dit: **Homme de peu de foi, pourquoi as-tu douté?** »*

Se zye Pyè ki te ba li pwoblèm, li te mete lafwa li nan Jezi epi li te rive fè sa ke pèsòn lòt moun pat janm rive fè. Men, pasaj la di ke **lè Pyè wè** jan van an te fò; sa vle di li vin depann sou sa ke zye li ba li, misye te gen pwoblèm. Ak lafwa, se siksè pou kretyen, men ak sa ke zye fizik la ba ou, se yon batay pèdi.

## **L**afwa se pa kwayans nan emosyon!

Genyen moun ki pran emosyon pou deklare lafwa. Yo aji kòm si yo kapab itilize lafwa pou yo kontwole Bondye. Pa egzanp, si yon moun malad epi yo declare ke moun nan ap geri nan non Jezi, Bondye oblije geri moun nan. Men, anpil fwa, nou wè ke sa pa fèt. Lafwa pa la pou fè ou jwenn sa ke ou mande a; lafwa fè ou konnen ke Bondye kapab fè sa ou mande a, men kèlkeswa sak rive a, wap asepte volonte Bondye. Ou pa kapab chanje volonte Bondye paske ou genyen konfyans ke Bondye genyen pouvwa pou li fè sa ke ou mande a. An nou gade kouman Jezi te priye anvan ke sòlda yo te arete li.

*« Li ale yon ti kras pi lwen, li lage kò l' fas atè, li lapriyè; li mande si se te posib pou l' pa ta bezwen soufri tout soufri sa a. Li t'ap di: -O! Papa mwen, nanpwen anyen ou pa kapab fè. Tanpri souple, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, fè sa ou menm ou vle a. Pa fè sa mwen menm mwen ta vle a. »*

Jezi te vle pou volonte Bondye te devan volonte pa li. Malgre ke li te konnen ke li ta pral soufri, men Jezi te konnen ke volonte Bondye ap toujou pi bon pou nou. Si Jezi pat mouri pou peche nou, ki kote nou tap ye kounye a? Pa tap genyen okenn espwa pou nou ta rekonsilye ak Bondye. Pa genyen jan pou nou ta jamè jwenn padon pou peche nou yo.

Nou konnen ke Bondye genyen pouvwa pou fè tout bagay. Pa genyen anyen ki kapab rive si ke Bondye pa pèmèt li. A travè bib la, nou jwenn anpil pasaj ki montre nou pouvwa Bondye. Nan **Travay 12, vèsè 5 a 11**, nou li:

*« Pyè te anba gwo siveyans nan prizon an. Men, manm legliz yo t'ap lapriyè Bondye pou li san rete. Lavèy jou pou Ewòd ta mennen Pyè konparèt devan pèp la, nan mitan lannwit Pyè t'ap dòmi ak de sòlda, yonn sou chak kote li. Yo te mare l' ak de chenn. Epi te gen gad devan pòt la ki t'ap veye prizon an. Yon zanj Bondye rete konsa li parèt, yon limyè klere tout kacho a. Zanj lan manyen Pyè bò kòt, li souke l', li di li: Leve vit. Chenn ki te mare men l' yo tonbe.*

*Zanj lan di li: Mete sentiwon ou, mare sapat ou. Pyè fè tou sa. Zanj lan di l' ankò: Mete gwo rad ou sou ou, swiv mwen. Pyè swiv zanj lan, li mache soti nan kacho a. Li pa t' kwè sa zanj Bondye a t'ap fè a se te vre. Li te kwè se reve l' t'ap reve. Yo pase premye pòs gad la, yo pase dezyèm pòs la, yo rive bò pòtay an fè ki bay sou lavil la. Pòtay la louvri pou kont li devan yo. Yo soti, yo pran lari. Menm lè a, zanj lan kite Pyè. Se lè sa a Pyè vin konprann sak te rive li a. Li di: Koulye a, mwen wè se tout bon. Bondye voye zanj li delivre m' anba men Ewòd. Li sove m' anba tout bagay pèp jwif la t'ap pare pou mwen an. »*

Nou li ke Bondye te voye yon zanj vin mete Pyè deyò nan prizon an. Nou jwenn nan liv Travay

la ke Pòl ak Silas te nan prizon tou epi Bondye te mete yo deyò tou. Nou li:

*« Vè menwi konsa, Pòl ak Silas t'ap lapriyè, yo t'ap chante fè lwanj pou Bondye. Lòt prizonnye yo menm t'ap koute. Epi, yo rete konsa, tè a pran tranble byen fò, li souke prizon an jouk nan fondasyon li. Menm lè a, tout pòt prizon yo louvri, chenn tout prizonnye yo kase. Chèf prizon an leve. Lè l' wè tout pòt prizon yo louvri, li rale nepe l', li tapral touye tèt li paske li te kwè prizonnye yo te sove. Men, Pòl kriye byen fò: Pa fè tèt ou mal. Nou tout la. » (Travay 16: 25-28)*

Nou wè ke pòt prizon pa genyen pouvwa devan Bondye. Lè nou gade nan **Travay 21**, nou jwenn ke Pòl te rive lavil Jerizalèm epi yo te pran misye e yo te lage li nan prizon kote ke mysye te fè plizyè ane nan prizon. Nou jwenn ke se pandan Pòl nan prizon ke li ekri liv: Efezyen, Filipyen, Kolosyen ak Filemon. Nou jwenn tou ke anvan Pòl te ale lavil Jerizalèm, li te gen tan konnen ke li ta prale nan prizon. Nan **Travay 21: 10-14**, nou li:

*« Te gen kèk jou depi nou te la lè yon pwofèt yo rele Agabis desann soti nan Jide. Li vin jwenn nou. Li pran sentiwon ki te nan ren Pòl la, li mare de pye pa l' ak de men pa l' yo, epi li di: Men sa Sentespri deklare: Se konsa jwif Jerizalèm yo pral mare mèt sentiwon sa a; apre sa, y'ap lage l' nan men moun lòt nasyon yo. Lè nou tandè sa, nou menm ansanm ak tout moun Sezare yo t'ap di Pòl konsa: Tanpri souple, pa moute Jerizalèm.*

*Men, li reponn nou: Poukisa pou n'ap kriye konsa, pou n'ap chache kraze kouraj mwen konsa? Mwen menm, se pa pare sèlman mwen pare pou m' kite yo mare mwen. Menm si mouri vini, m'ap mouri pou Seyè Jezi nan Jerizalèm. Lè nou wè nou pa t' kapab chanje lide l', nou pa pèsiste sou sa anko. Nou di: Sa Bondye vle a, se sa k'ap fèt. »*

Lafwa se pa sèlman mete nan tèt ou ke Bondye kapab chanje sitiyasyon ke ou ye a, men se sitou asepte ke Bondye gen dwa pa chanje sitiyasyon an epi asepte ke menm si Bondye pa chanje sitiyasyon an, ou pa genyen pwoblèm avèk sa. Nou bezwenn genyen atitid Chadrak, Mechak ak Abèdnego lè ke yo te derefize mete ajenou devan estati lò a. Nan **Danyèl 3:13-18**, nou li:

*« Lè Nèbikadneza tandè sa, li move anpil, li fè gwo kòlè, li bay lòd pou yo mennen Chadrak, Mechak ak Abèdnego ba li. Lamenn, yo mennen twa mesye yo devan wa a. Wa a di yo konsa: -Chadrak, Mechak ak Abèdnego, èske se vre nou derefize adore bondye mwen yo, nou derefize mete ajenou devan estati lò mwen te fè fè a? Bon, koulye a, tandè n'a tandè twonpèt yo ak lòt enstriman mizik yo ap jwe, se pou nou mete ajenou pou n' adore estati mwen fè fè a. Si nou pa fè sa, y'ap jete nou nan gwo fou tou limen an. Pa gen bondye ki pou delivre nou anba men m'.*

*Chadrak, Mechak ak Abèdnego reponn, yo di wa Nèbikadneza konsa: -Monwa, nou p'ap eseye defann tèt nou. Si Bondye n'ap sèvi a ka wete nou nan gwo fou tou limen an, si li ka delivre nou tou anba men ou, l'ap fè l'. Men, menm si li pa vin delivre nou, monwa, nou tou di ou nou p'ap adore bondye pa ou yo, ni nou p'ap*

*mete ajenou devan estati lò ou te fè fè a. »*

Vrè lafwa a pa depann sou rezilta yo; vrè lafwa a rete fèm kèlkeswa sitistasyon an paske Bib la pa di ke tout sa ke yon moun mande Bondye, lap jwenn li. Genyen kèk vèsè ke anpil moun entèprete mal sou sijè sa a. Jezi di disip li yo:

*« Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki mete konfyans li nan mwen, li gen pou l' fè tou sa m'ap fè a. La menm rive fè pi gwo bagay toujou, paske mwen pral jwenn Papa a. **Tou sa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou, pou Pitit la ka fè wè pouvwa Papa a.** (Nenpòt kisa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou.) » (Jan 14:12-14)*

Nan lòt chapit la, Jezi di:

*« Se pa nou ki chwazi m', se mwen menm ki chwazi nou, ki mete nou apa pou n' ale, pou n' ka donner, pou donn nou ka konsève. **Konsa, Papa a va ban nou nenpòt kisa n'a mande nan non mwen.** » (Jan 15:16)*

Anvan Jezi te pase pa lanmò, li di disip yo:

*« Konsa tou, koulye a nou nan lapenn. Men, mwen gen pou m' wè nou ankò. Lè sa a, kè nou pral kontan, pesonn p'ap ka wete kontantman sa a nan kè nou. Jou sa a, nou p'ap poze m' keksyon sou anyen. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: **nenpòt bagay nou mande Papa a nan non mwen, la ban nou li.** Jouk koulye a, nou poko mande anyen nan non mwen. Mande, n'a jwenn pou nou ka kontan nèt ale.*

*Mwen di nou tou sa an parabòl. Yon lè, mwen p'ap bezwen pale an parabòl ak nou ankò, men m'ap pale nou kareman sou Papa a. Jou sa a, n'a mande Papa a sa nou vle nan non mwen, **mwen pa di m'ap lapriyé Papa a pou nou** » (Jan 16:22-26)*

Jezi di ak disip li yo ke nenpòt bagay ke yo mande Bondye nan non li, Bondye ap ba li yo. Kounye a, èske nenpòt sa ke nou menm, nou mande Bondye nan non Jezi, nap jwenn li? Genyen anpil moun ki konn rive kite chemen lafwa a paske yo panse ke si yo mande, yap jwenn. Men, lè yo pa jwenn, dekourajman pran yo. An nou pran yon ti tan pou nou egzamine vèsè sa yo.

# Nan Non Jezi

Jezi kòmande nou pou nou priye Papa a nan non li. Sa vle di:

1- **Lè wap lapriyè, se ak Papa a ke ou dirije priyè a.** Ou pa priye ak sen yo; ou pa priye ak Mari; ou pa menm sipoze priye ak Jezi.

2- **Se Jezi ki sèl medyatè ant lèzòm ak Papa a.** Si ou pa pase pa Jezi, ou pa kapab genyen aksè ak Papa a. Sa pa vle di ke ou priye ak Jezi pou Jezi pote priyè a bay Papa a. Remake sa ke Jezi di nan **Jan 16 vèsè 26**: « *Jou sa a, n'a mande Papa a sa nou vle nan non mwen, mwen pa di m'ap lapriyè Papa a pou nou* ».

3- **Lapriyè nan non Jezi, se priye selon karaktè Jezi.** Jezi pat mete volonte pa li an premye, li te toujou mete volonte Papa a an premye pozisyon. Si ou mete volonte pa ou an premye pozisyon, ou te mèt repete nan fen priyè ou la ke ou priye nan non Jezi, se bouch ou ki di sa. An nou gade kèk pasaj nan Bib la. Jan ekri:

« *M'ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki p'ap janm fini an. Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen l'ap koute nou si nou mande l' kichòy ki dakò ak volonte li. Konsa, non sèlman nou konnen l'ap koute nou lè nou fè l' yon demann, men nou konnen tou l'ap ban nou sa nou mande l' la.* » (1 Jan 5:13-15)

Jak ekri:

« *Ki jan fè gen goumen ak kont nan mitan nou konsa? Kote sa soti? Sa soti nan move lanvi k'ap goumen nan kò nou. Nou anvi yon bann bagay. Men, nou pa ka jwenn yo. Lè konsa, nou pare pou nou touye moun. Nou anvi sa ki pa pou nou. Men, nou pa ka jwenn yo. Lè konsa, se fè kont, se goumen. Si nou pa jwenn sa nou bezwen an, se paske nou pa mande Bondye. Menm lè nou mande, nou pa resevwa anyen, paske nou mande mal. Nou mande bagay ki pou satisfè pwòp dezi pa nou sèlman.* » (Jak 4:1-3)

Sou sijè lapriyè, men sa Jezi di:

« *Men ki jan pou nou lapriyè: Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la. Manje nou bezwen an, ban nou l' jòdi a.* » (Matye 6:9-11)

« *Voici donc comment vous devez prier: Notre Père qui es aux cieux! Que ton nom soit sanctifié; que ton règne vienne; que ta volonté soit faite sur la terre comme au ciel. Donne-nous aujourd'hui notre pain quotidien;* » (Matthieu 6:9-11)

Kretyen an pa itilize non Jezi tankou yon pas pou li jwenn sa ke li bezwen nan men Bondye. Men, priye nan non Jezi se konprann ke :

- a) Ak tèt pa ou, ou pa genyen okenn dwa pou ou ta prezante ou devan Bondye ; men se gras ak Jezi ki fè ke ou kapab pote priyè ou yo bay Bondye. Si se pat pou san Jezi a ki te koule sou kwa a, pa genyen pèsonn ki ta kapab prezante tèt yo devan Bondye. Nan **Efèz 2 : 17 a 19**, Pòl ekri :

*« Wi, Kris la te vini, li anonse bon nouvèl k'ap mete lapè a ni pou moun lòt nasyon yo ki te lwen Bondye, ni pou jwif yo ki te toupre Bondye. Paske, **gremesi Kris la, nou tout, kit nou jwif kit nou pa jwif, nou ka pwoche bò kot Papa a, nan pouvwa yon sèl ak menm Sentespri a. Se sak fè, nou menm moun lòt nasyon yo, nou pa etranje ankò, ni moun ki depasaj. Men, se sitwayen nou ye ansanm ak tout moun nan pèp Bondye a, nou fè pati fanmi Bondye a. »***

- b) Bondye konnen sa ki pi bon pou ou. Gen bagay ke ou ta gen dwa renmen genyen nan lavi ou, men Bondye nan lanmou li pou ou pap kite ou genyen bagay sa yo paske Bondye konnen ke bagay sa yo ke ou vle a pap bon pou ou. Nan **Ezayi 55 :8-9**, Bondye di:

*« Lide pa m' pa menm ak lide pa nou. Chemen pa nou pa menm ak chemen pa m'. Se Seyè a menm ki di sa. Menm jan syèl la byen lwen anwo latè, se konsa lide pa m' byen lwen anwo lide pa nou, chemen pa m' byen lwen chemen pa nou. »*

*« Car mes pensées ne sont pas vos pensées, Et vos voies ne sont pas mes voies, Dit l'Éternel. Autant les cieux sont élevés au-dessus de la terre, Autant mes voies sont élevées au-dessus de vos voies, Et mes pensées au-dessus de vos pensées. »*

Si nou konnen ke panse Bondye pi gran ke panse pa nou epi nou konnen ke Li renmen nou tèlman, Li voye Jezi vin mouri pou nou, nou bezwen fè Bondye konfyans pou nou di menm jan ak Jezi : **« Bondye, fè sa ou menm ou vle a. Pa fè sa mwen menm mwen ta vle a. »**

Pòl te rive konprann ke volonte Bondye te pi bon pou li menm nan soufrans li yo. Pòl te fè anpil esperyans ak Bondye kote li te rive wè tèt li yon kote ke li rele nan twazyèm syèl. Nan **2 Korent 12 : 7 a 9**, Pòl ekri:

*« Malgre sa, pou lògèy pa fè m' gonfle avèk kalite bèl revelasyon sa yo mwen resevwa, yo ban m' yon kalite maladi nan kò m' k'ap fè m' soufri, ou ta di yon zanj Satan voye maltrete m' pou anpeche m' gen lògèy. An twa fwa mwen lapriyè Seyè a pou maladi sa a, mwen mande l' pou l' wete li sou mwen. Chak fwa, li reponn mwen: **Se favè m' ase ou bezwen. Paske lè ou fèb, se lè sa a moun wè pouvwa mwen nan ou. Se poutèt sa, nan fon kè m', mwen pito pale sou feblès mwen pou pouvwa Kris la ka mete m' anba zèl li. »***

*« Et pour que je ne sois pas enflé d'orgueil, à cause de l'excellence de ces révélations, il m'a été mis une écharde dans la chair, un ange de Satan pour me souffleter et m'empêcher de m'enorgueillir. Trois fois j'ai prié le Seigneur de l'éloigner de moi, et il m'a dit: **Ma grâce te suffit, car ma puissance s'accomplit***



*dans la faiblesse. Je me glorifierai donc bien plus volontiers de mes faiblesses, afin que la puissance de Christ repose sur moi. »*

Anvan menm ke ou priye Bondye, Bondye te gen tan konnen tout sa ke ou bezwen. Ou gen dwa di ke pa genyen rezon pou ou ta priye si Bondye gen tan konnen sa ke ou pral mande. Men, ou bezwen konprann ke lè ou priye, li ede ou sou chemen lafwa a. Sa fè ou rete anba depandans Bondye ; sa fè ou sonje ke ou genyen yon gadò kap veye sou ou. Sa ki pi enpòtan an, sa fè ou kontinye genyen yon relasyon entim ak Bondye. Menm jan ke genyen diferan nivo relasyon ke ou genyen ak moun ki nan lavi ou, se konsa genyen diferan nivo relasyon ke lèzòm genyen ak Bondye. Nan nivo relasyon ki egziste ant de moun, yon moun kapab genyen:

- 1- **Yon relasyon konsa-konsa** : se yon relasyon kote ke ou gen dwa konnen wè moun nan ; ou gen dwa salye moun nan, men sa pa ale pi lwen ke sa. Ou gen dwa konn wè moun nan swa nan mache osinon nan yon zòn ke ou abitye pase; ou kapab menm konnen non moun nan paske yon lòt moun gen dwa tap pale de moun nan, Men, Pèsonèlman, ou pa vrèman konnen moun nan vre.

Se relasyon sa a ke yon seri de moun genyen ak Bondye. Yo konnen Bondye egziste; yo tandè moun ap pale de Bondye; yo gen dwa menm rive pale de Bondye tou men yo pa genyen yon relasyon pèsonèl ak Bondye.

- 2- **Yon relation konektiv** : se yon relasyon kote ke ou gen dwa nan menm travay osinon nan menm lekòl ak moun nan. Men, di moman ke ou pa nan lekòl la osinon nan travay la, ou pa genyen anyen pou wè ak moun nan. Genyen elèv lekòl ki gen dwa genyen kondisip yo ke yap pale pandan ke yo lekòl la; men nan moman ke yo deplase kite lekòl la, yo pa genyen anyen a wè ak kondisip sa a.

Se relasyon sa ke yon seri de moun genyen ak Bondye. Yo rele tèt yo kretyen; yo gen dwa ale legliz. Men, se pandan ke yo andedan legliz la ke yo genyen kontak ak Bondye. Depi yo kite papòt legliz la, yo pa genyen okenn relasyon ak Bondye. Yo pa janm li Pawòl Bondye a; yo pa janm pran yon tan pou yo priye Bondye; yo pa menm sonje ki mesaj ki te preche lè ke yo te ale legliz la.

- 3- **Yon relasyon kòdyal** : Se yon relasyon ke nou ta gen dwa rele yon relasyon amikal ; nou gen dwa jwenn relasyon sa a ant 2 zanmi ki genyen yon seri de bagay an komen. Yo gen dwa renmen menm bagay tankou foutbòl osinon politik. Yo gen dwa konn pase tan ansanm pou yo pale men yo pa rive nan nivo relasyon entim lan. Sa vle di ke genyen sekre nan lavi yo ke yo pap kite lòt moun nan konnen. Yo pa genyen yon konfyans total nan moun sa a.

Se kalite relasyon sa a ke anpil kretyen genyen ak Bondye. Yo ale legliz; yap travay legliz; yo gen dwa konn pran yon tan pou li Pawòl Bondye a osinon pou yo priye; men pa genyen yon konfyans total kote ke moun nan kapab di ke nenpòt sak rive, mwen anfòm paske mwen genyen Bondye nan lavi mwen. Moun sa a gen dwa genyen anpil enkyetid nan lavi li paske li pa kwè ke Bondye ap pran swen TOUT bagay pou li. Lè sa a, moun sa mete nan tèt li ke li bezwen degaje li pou kont li pou yon seri de bezwen ke li genyen

paske li pa genyen konfyans ke Bondye ap fè tout bagay pou li. Jezi di nan **Matye 6**, vèsè **31 a 34**:

*« Pa chaje tèt nou ak yon bann keksyon: Kisa n' pral manje? Kisa n' pral bwè? Kisa n' pral mete sou nou? Tout bagay sa yo, se moun lòt nasyon yo k'ap kouri dèyè yo tout tan. Men nou menm, nou gen yon Papa nan syèl la ki konnen nou bezwen tout bagay sa yo. Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou. Se sa ki fè, pa chaje tèt nou pou denmen, paske denmen va gen zafè pa li. Chak jou gen kont chay pa yo. »*

Moun sa yo genyen konfyans ke Jezi te mouri pou yo men yo pa genyen konfyans ke sa Jezi di la a, se yon verite ke li ye. Sa vle di ke konfyans lan pa total.

- 4- Yon relasyon entim** : se yon relasyon kote ke pa genyen sekrè ant de moun. Se yon relasyon ke ou jwenn sitou ant mari ak madanm kote ke youn fè lòt konfyans. Ou kapab jwenn li tou ant de bon zanmi kote ke yonn konnen sekrè lòt; yon fè lòt konfyans sou tout pwèn.

Se relasyon sa a ke Bondye vle genyen avèk ou kote ke ou fè Li konfyans nan tout bagay. Bondye vle ke chak jou nan lavi ou, dezi kè ou se pwoche pi pre Li, konnen li pi byen de jou an jou, pale avèk Li chak jou, tande vwa li chak jou.

Ki relasyon ou panse ke ou genyen ak Bondye ?

Eske se yon relasyon konsa-konsa kote ke ou konnen ke Bondye la, men ou pa enterese pou ou ale pi lwen ke sa ?

Eske se yon relasyon konektiv kote ke ou konekte ak Bondye chak dimanch lè ou ale legliz epi pandan semèn nan, ou pa genyen okenn kontak ak Bondye ?

Eske se yon relasyon kòdyal kote ke ou ale legliz lè dimanch ak kèk lòt jou nan semèn nan epi ou menm ouvè Bib la yon lè konsa ? Men, ou pa vrèman genyen yon relasyon entim avèk Bondye ki te kreye ou la epi kap pran swen ou chak jou nan lavi ou.

Bondye vle ke ou genyen yon relasyon entim avèk Li kote pou ou pran tan pou ou pale avèk li chak jou. Non sèlman pou ou pale ak Bondye, men pou ou tande Bondye kap pale avèk ou tou. Sa vle di ou bezwen mete yon tan pou ou priye Bondye e pou ou li Bib la chak jou. Se ou menm ki chwazi ki relasyon ke ou vle genyen avèk Bondye. Si ou pwoche kote Bondye, Bondye pap janm refize ou. Okontrè nan **Jak 4 :8**, nou li :

*« Pwoche bò kot Bondye, Bondye va pwoche bò kote nou tou. »*

Lè ou genyen yon relasyon entim ak Bondye, sa pèmèt ou mache fèm nan lafwa ; konsa, li pi fasil pou ou reziste lè bagay yo sanble yo nwa pou ou paske ou konnen ke volonte Bondye ap toujou pi bon pou ou. Menm lè wap pale sou bagay nou ta kapab di ki banal, Bondye vle pou ou konprann ke tout bagay depann sou volonte li. Jak di:

*« Koulye a, se ak nou m'ap pale, nou menm k'ap di: jòdi a osinon denmen, n'a pral nan tèl lavil. Rive la, n'a pase yon lanne, n'a fè kòmès ak anpil benefis. Nou pa menm konnen sa lavi nou va ye denmen. Lavi nou tankou yon nwaj. Li parèt pou yon ti tan. Apre sa, li disparèt. Okontrè, men sa pou nou te di: **Si Bondye vle, n'a wè denmen, n'a fè sa osinon sa.** » (Jak 4:13-15)*

## **E**gzanp moun nan lafwa

Nan Bib la nou jwenn anpil moun ki pat genyen anyen espesyal nan yo menm; men, akòz de lafwa yo, nou toujou ap pale de yo.

### **Abraram**

Abraram se youn ki pat kapab fè pitit ak madanm li. Lafwa li viv fè ke li genyen pitit ke li pa menm kapab konte yo. Nan **Galasi 3:7**, nou li:

« *Konsa, se pou nou konprann sa byen: **Moun ki mete konfyans yo nan Bondye, se yo menm ki pitit Abraram.** »*

« *Reconnaissez donc que ce sont ceux qui ont la foi qui sont fils d'Abraham.* »

Abraram ki tap viv yon kote yo rele Kalde anvan ke li te pran wout pou Kanaran rive genyen pitit nan Riko, Brigue, Desous, Jenjanm, Ti Bwòdè, Boukan Belye, etc... Sak fè sa rive? Se akòz de lafwa Abraram. Nan **Jenèz 12, vèsè 1 a 4**, nou li:

« *Seyè a di Abram konsa. **Pati, kite peyi ou la. Kite tout fanmi ou. Kite kay papa ou, ale nan peyi m'a moutre ou la.** M'ap ba ou anpil pitit pitit. Y'a tounen yon gwo nasyon. m'a beni ou. Y'a nonmen non ou toupatou; w'a sèvi yon benediksyon pou tout moun. M'ap voye benediksyon mwen sou tout moun ki va mande benediksyon pou ou. Men, m'ap madichonnen tout moun ki va ba ou madichon. Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn benediksyon. **Abram pati jan Seyè a te di l' la.** Lòt pati ansanm avè l' tou. Abram te gen swasannkenzan lè li kite Karan.* »

Kèk ane pita, Abraram te vin genyen yon pitit gason epi Bondye te sonde lafwa misye. Nan **Jenèz 22 :2 a 3**, nou li :

« *Bondye di l': -Pran Izarak, pitit ou a, sèl pitit gason ou genyen an, pitit ou renmen anpil la. Ale nan peyi Morija, w'a moute sou tèt mòn mwen pral moutre ou la. Lè w'a rive la, w'a touye l'. Apre sa, w'a boule l' nèt pou mwen. Nan denmen maten, bonè bonè, Abraram leve, li sele bourik li, li pran Izarak ansanm ak de nan domestik li yo. Li fann kèk moso bwa pou l' fè dife pou boule vyann bèt l'ap ofri a. Epi li pati nan direksyon kote Bondye te di l' la.* »

Nou wè ke Abraram pat ezite pou li te fè sa ke Bondye te mande li a. Nou kontinye pi ba nan pasaj la ki di:

« *Lè yo rive kote Bondye te di l' la, Abraram moute yon lotèl, li ranje bwa yo sou li. Li mare Izarak, pitit gason l' lan, li mete l' sou lotèl la, anwo bwa yo. Apre sa, li lonje men l', li pran kouto a pou l' koupe kou ti gason an. Men, zanj Bondye a rete nan syèl la, li rele l': -Abraram! Abraram! Abraram reponn. -Men mwen wi!*

*Zanj lan di l' -Pa leve men ou sou ti gason an. Pa fè l' anyen. Koulye a mwen konnen ou gen krentif pou Bondye vre, paske ou pa t' derefize touye sèl pitit gason*

*ou lan pou mwen. Abraram voye je l', li wè yon belye mouton ki te gen kòn li yo makònen nan yon lyann. li ale, li pran mouton an, li touye l', li boule li nèt sou lotèl la pou Bondye nan plas pitit li a.*

*Abraram rele kote sa a: Se sou kont Seyè a sa ye. Se poutèt sa, jouk jòdi a, moun ap repete: **Sou mòn Seyè a, tout bagay sou kont li.***

*Zanj Bondye a rete nan syèl la, li pale ak Abraram yon dezyèm fwa, li di l' konsa: Mwen sèmante sou tèt mwen. **Se mwen menm Seyè a ki di sa. Mwen gen pou m' beni ou anpil poutèt sa ou fè a. Ou pa t' refize ban mwen pitit ou a, sèl pitit gason ou genyen an. Mwen pwomèt pou m' ba ou anpil pitit pitit. Y'ap tankou zetwal nan syèl la, tankou grenn sab bò lanmè. Y'a bat tout lènmi yo. » (Jenèz 22 :9-17)***

Lafwa ke Abraram te genyen nan Bondye te pote obeyisans epi obeyisans pote benediksyon non sèlman pou Abraram men pou nou menm tou ki se kretyen jodi a. Nan **Galasi 3 :6 a 8**, nou li :

*« Men sa ki ekri nan Liv la menm: Abraram te mete konfyans li nan Bondye. Se poutèt sa Bondye te fè l' gras. Konsa, se pou nou konprann sa byen: **Moun ki mete konfyans yo nan Bondye, se yo menm ki pitit Abraram.** Moun ki te ekri nan Liv la te wè davans Bondye t'ap fè moun ki pa jwif yo gras tou poutèt konfyans yo ta gen nan li. Se konsa li bay Abraram bon nouvèl sa a davans tou: **Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn benediksyon.** »*

## Jozèf

Jozèf se yon lòt moun ki pat kite sa ke zye li ba li pou li te pran yon desizyon. Si Josèf pat viv pa lafwa, li pa tap janm rive fè esperyans leve Jezi kòm pitit li. Nou li:

*« Men ki jan Jezikri te fèt. Mari, manman Jezi, te fyanse avèk Jozèf. Anvan menm yo te antre nan kay ansanm, Mari vin twouve l' ansent pa pouvwa Sentespri. Jozèf, fyanse l' la, te yon nonm debyen. Li pa t' vle fè eskandal ak sa. Li te vle kase fyanse la san bri san kont.*

*Li t'ap kalkile sou jan li tapral fè sa lè li wè yon zanj Bondye parèt devan li nan dòmi. **Zanj lan di li: Jozèf, pitit pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou.** Paskè, pitit l'ap pote a se travay Sentespri. Li pral fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l' yo.*

*Tou sa pase konsa pou pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te ka rive vre. Men sa l' te di: Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. y'a rele l' Emannwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.)*

***Lè Jozèf leve nan dòmi an, li fè tou sa zanj Bondye a te di l' fè: li pran madanm li lakay li. Men, Jozèf pa t' kouche ak Mari, jouk lè li te fin akouche yon ti gason. Jozèf te rele pitit la Jezi. » (Matye 1:18-25)***

Ankò, nou wè ke lafwa mennen obeyisans. Aprè Jozèf resevwa mesaj la, li pat poze tèt li okenn

kesyon tankou : Kisa fanmi ak zanmi mwen yo ap di ? Eske moun pap panse se yon egare ke mwen ye lè yo tande sa ki pase a ? Kòmman pou Mari ta fè ansent si li pat kouche ak yon gason ?

Non, Jozèf pat ezite pou li te pran Mari paske li te genyen lafwa nan Bondye. Li te fè Bondye konfyans ase pou li te kwè nan yon bagay ki poko janm rive epi ki pap janm rive ankò. Konsa li te rive leve Jezi kòm pitit gason li.

## Mari

Imajine yon ti jennfi ki anviron kenz a disèt ane daj epi ki fyanse ak yon jenn gason. Li resevwa nouvèl ke li pral ansent san ke li poko janm konnen gason. Malgre ke li te konnen ke genyen moun ki ta pral gade li mal. Li pat konnen kisa Jozèf, fyanse li ta pral fè; men li te asepte sa ke zanj lan te di li a. Nou li:

*« Sou sizyèm mwa gwosès Elizabèt la, Bondye voye zanj Gabriyèl nan yon vil nan peyi Galile yo rele Nazarèt. Bondye te voye l' kay yon jennfi ki te fyanse ak yon nonm yo rele Jozèf. Jozèf sa a, se te moun ras David. Yo te rele jennfi a Mari. Zanj lan antre lakay Mari, li di li: Bonjour, Mari, ou menm ki resevwa anpil favè. Mèt la avèk ou.*

*Lè Mari tande pawòl sa yo, tèt li te boulvèse, li t'ap mande nan kè l' kisa bonjou sa a te vle di. Men, zanj lan di li: Pa pè, Mari. Ou jwenn favè nan men Bondye. **Ou pral vin ansent, ou va fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi.***

*L'ap vin yon grannèg, y'a rele li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l' wa tankou David, gran granpapa li. La gouvènèn pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l' lan p'ap janm fini. Mari di zanj lan konsa: **Ki jan sa pral fè rive? Ala mwen poko janm konn gason!***

*Zanj lan reponn li: Sentespri a pral vin sou ou; pouvwa Bondye ki anwo nan syèl la pral kouvri ou tankou yon lonbraj. Se pou sa tou, tipitit ki pral fèt la pral viv apa pou Bondye, y'a rele l' Pitit Bondye. Ou konnen Elizabèt, fanmi ou lan? Atout li fin vye a, men l' ansent yon pitit gason. Yo te di l' pa t' kapab fè pitit, men li deja sou sis mwa gwosès. Tou sa rive paske pa gen anyen Bondye pa ka fè. Mari di li: **Men mwen, se sèvant Mèt la mwen ye. Mwen swate pou sa rive m' jan ou di a. Epi zanj lan kite li.** » (Lik 1:26-38)*

Nan repons ke Mari bay zanj lan, nou wè lafwa li. Pi ba nan pasaj la, nou li sa ke Elizabèt di Mari:

*« Ou se yon fanm beni! Paske, ou te kwè tout pawòl Mèt la voye di ou yo gen pou rive vre. » (Lik 1:45)*

An nou gade egzanp Zakari li menm lè zanj Gabriyèl te pote yon mesaj bay misye. Pou moun ki pa konnen, Zakari se te yon prèt ki tap sèvi nan tanp lan ke li te ye. Nou li:

## Zakari

« Vwala, yon zanj Bondye parèt devan Zakari; li te kanpe sou bò dwat lotèl kote yo boule lansan an. Lè Zakari wè l', li sezi; li te pè anpil. Men zanj lan di li:

*Pa pè, Zakari. Bondye te tandè lapriyè ou la. **Elizabèt, madanm ou, pral ba ou yon pitit gason; ou va rele l' Jan.** Ala kontan wa kontan lè pitit sa a va fèt! Anpil lòt moun va kontan tou lè sa a. L'ap yon grannèg devan Bondye, Mèt la; li p'ap bwè ni diven, ni ankenn alkòl. Depi nan vant manman li, l'ap anba pouvwa Sentespri a. L'ap fè anpil moun nan pèp Izrayèl la tounen vin jwenn Mèt la, Bondye yo a. L'ap mache devan Bondye nan menm lespri ak menm pouvwa pwofèt Eli te genyen an. L'ap fè papa vin byen ankò ak pitit; l'ap fè moun ki rebèl rive gen konprann tankou moun k'ap obeyi Bondye, l'ap pare yon pèp byen dispoze pou resevwa Mèt la.*

*Zakari di zanj lan konsa: **Ki jan pou m' fè kwè sa w'ap di m' la a se vre? Ala mwen fin vye, madanm mwen fin vye granmoun tou. Zanj lan reponn li: Mwen se Gabriyèl ki toujou kanpe nan sèvis devan Bondye. Se Bondye menm ki voye m' pale avè ou, pou m' pote bon nouvèl sa a ba ou. Men, paske ou pa kwè pawòl mwen yo ki gen pou rive nan tan yo, ou pral vin bèbè, ou p'ap ka pale jouk jou bagay sa yo va rive.** » (Lik 1:11-20)*

Zakari se pat yon move moun ke li te ye. Bib la fè nou konnen ke ni Zakari, ni madanm li te mache dwat devan Bondye. Nan **Lik 1:5 a 6**, nou li:

« *Nan tan Ewòd te wa nan peyi Jide a, te gen yon prèt yo te rele Zakari. Li te fè pati gwoup prèt Abiya yo. Madanm li te rele Elizabèt: se te yon moun ras Arawon, ansyen granprèt la. **Yo tou de te mache dwat devan Bondye, yo t'ap swiv kòmandman Mèt la ansanm ak tout lalwa a san ankenn repwòch.** »*

A tout ke Zakari te swiv lalwa a san ankenn repwòch, Bib la di ke san lafwa, li pat kapab fè Bondye plèzi. Akoz de dout li, Zakari te bèbè jiska jou ke Jan Batis te fèt la. Konsa, nou wè enpòtans lafwa. San lafwa pa genyen pèsonn ki kapab agreyab devan Bondye.

# Lafwa ak sove

Pòl ekri nan **Efèz 2, vèsè 8 a 9**:

« *Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo.* »

« *Car c'est par la grâce que vous êtes sauvés, par le moyen de la foi. Et cela ne vient pas de vous, c'est le don de Dieu. Ce n'est point par les oeuvres, afin que personne ne se glorifie.* »

Nan **Women 3, vèsè 22 a 26**, Pòl ekri:

« *Se lè moun mete konfyans yo nan Jezikri Bondye fè yo gras. Li fè l' pou tout moun ki kwè nan Kris la, paske yo tout se menm. Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a. Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo gratis, gremesi Jezikri ki vin delivre yo. Se li menm, Jezikri, Bondye te ofri tankou bèt pou touye. Li bay san li pou tout moun ki mete konfyans yo nan li ka resevwa padon pou peche yo. Bondye te vle moutre nou ki jan li fè moun gras. Nan tan lontan, Bondye te pran pasyans, li te fèmen je l' sou peche moun te fè. Men koulye a, li moutre nou ki jan l'ap fè moun gras, paske li fè nou wè se li menm ki gen rezon, an menm tan l'ap fè tout moun ki kwè nan Jezi yo gras.* »

**San lafwa, ou pa kapab genyen lavi etènèl. Lafwa se sèl mwayen ou kapab resevwa kado sali a.**

Si yon moun pa kwè ke Jezi te sòti nan yon jennfi ki te vièj, ki pat janm konn gason, moun sa a genyen pwoblèm ak Bondye. Sa vle di ke ou pa genyen lafwa nan Bondye.

Si yon moun pa kwè ke Jezi se sèl moun ki te viv sou latè epi ki pat janm te rive fè menm yon grenn peche, moun sa a genyen pwoblèm ak Bondye. Sa vle di ke ou pa genyen lafwa nan Bondye.

Si yon moun pa kwè ke Jezi te mouri sou kwa a pou padon peche tout moun, moun sa a genyen pwoblèm ak Bondye. Sa vle di ke moun sa a pa genyen lafwa nan Bondye.

Si yon moun pa kwè ke se nan Jezi sèlman li kapab jwenn padon pou peche li yo paske Jezi se sèl chemen an, moun sa a genyen pwoblèm ak Bondye. Sa vle di ke moun sa a pa genyen lafwa nan Bondye. Pòl ekri kretyen women yo pou li di yo:

« *Mwen pa wont anonse bon nouvèl la: se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè, jwif yo an premye, apre yo moun lòt nasyon yo tou. Bon nouvèl sa a fè nou wè ki jan Bondye fè moun gras. Travay sa a, li kòmanse ak konfyans moun gen nan Bondye, li fini nan menm konfyans la tou, jan sa te ekri a: Moun Bondye fè gras paske li gen konfyans nan Bondye, se li menm ki va gen lavi.* »



**(Women 1:16-17)**

« Car je n'ai point honte de l'Évangile: c'est une puissance de Dieu pour le salut de quiconque croit, du Juif premièrement, puis du Grec, **parce qu'en lui est révélée la justice de Dieu par la foi et pour la foi**, selon qu'il est écrit: **Le juste vivra par la foi.** » **(Romain 1:16-17)**

« Car je suis fier de l'Évangile: c'est la puissance de Dieu par laquelle il sauve tous ceux qui croient, les Juifs d'abord et aussi les non-Juifs. En effet, cet Évangile nous révèle en quoi consiste la justice que Dieu accorde: **elle est reçue par la foi et rien que par la foi**, comme il est dit dans l'Écriture: **Le juste vivra par la foi.** » **(Romain 1:16-17)**---Bible du semeur

Sali a se yon kado ke ou resevwa ak lafwa ke ou mete nan Jezikri; ou pa kapab genyen sali a okenn lòt jan ankò. Men, lafwa a pa rete la sèlman. Ak menm lafwa ke ou te resevwa sali a, se ak menm lafwa sa a ke ou bezwen viv chak jou nan lavi ou. Nan pasaj nou sot li a, Pòl ekri:

« *Le juste vivra par la foi.* »

Se yon pasaj ke Pòl jwenn nan **Abakouk 2, vèsè 2 a 4** ki li:

« *Men repons Seyè a ban mwen. Li di m' konsa: -Ekri sa mwen pral fè ou wè a. Grave l' byen grave sou wòch plat pou moun ka li l' fasil. Ekri l' paske se poko lè pou sa m' pral fè ou wè a rive. Men, li p'ap pran lontan ankò pou l' rive. Li gen pou l' rive vre. Si li pran reta pou l' rive, ou mèt tann. Paske, wè pa wè, li gen pou l' rive lè pou l' rive a. Men mesaj la: Moun ki pa mache dwat devan Bondye p'ap chape. **Men moun ki mache dwat yo va viv paske yo te kenbe konfyans fèm yo nan Bondye.*** »

« *L'Éternel m'adressa la parole, et il dit: Écris la prophétie: Grave-la sur des tables, Afin qu'on la lise couramment. Car c'est une prophétie dont le temps est déjà fixé, Elle marche vers son terme, et elle ne mentira pas; Si elle tarde, attends-la, Car elle s'accomplira, elle s'accomplira certainement. Voici, son âme s'est enflée, elle n'est pas droite en lui; **Mais le juste vivra par sa foi.*** »

## **K**òmman yon moun viv pa lafwa?

Lè nou panse ak tout vèsè ke nou li yo, nou kapab di ke yon moun kap viv pa lafwa, se yon moun kap fè desizyon baze sou pwomès ke Bondye fè. Moun sa a pap fè desizyon baze sou sitiyasyon yo.

Nou prale pran egzanp 3 gwoup moun. Youn gwoup pran desizyon baze sou sitiyasyon yo; yon lòt gwoup pran desizyon baze sou sa Bondye pa di; epi dènye gwoup la pran desizyon baze sou pwomès Bondye.

An nou gade yon sitiyasyon kote ke nou pral wè jan chak gwoup sa yo ap reyaji.

Sitiyasyon ki prezante a, se yon moun ki genyen pitit li ki malad byen mal. Yo mache wè doktè sou doktè, men yo pa jwenn okenn rezilta. Doktè yo pa jwenn okenn solisyon pou trete timoun ki malad la. Kounye a, kòmman paran timoun sa a ki kretyen pral reyaji? Ki desizyon li pral fè? Ki konsèy ke lap jwenn nan men fanmi ak zanmi?

### **a) Gwoup ki pran desizyon sou sitiyasyon yo.**

Gwoup sa a se yon gwoup ki mache sou sa ke yo wè. Nan sitiyasyon sa a, dekourajman ap pran yo. Yo wè pa genyen espwa ankò, timoun sa a pèdi. Se gwoup sa a kap genyen entansyon ale chache lòt solisyon tankou ale kay ougan. Se kòm si ougan ak sa ke lap sèvi a genyen plis pouvwa pase Bondye ki kreye tout bagay yo.

### **b) Gwoup ki pran desizyon sou sa ke Bondye pa di.**

Gwoup sa a se yon gwoup ki genyen konfyans nan Bondye; yo konnen ke Bondye genyen pouvwa pou geri timoun malad la. Men, pwoblèm ki genyen ak gwoup sa a, yo kite emosyon pote yo ale pou yo di ke si nou priye ak lafwa, timoun malad la ap geri.

Genyen moun ki pran lafwa a tankou yon kle pou yo fè Bondye fè sa ke yo vle a. Pa egzanp, gen moun ki panse ke si yon moun malad epi yo priye ak lafwa, moun nan ap geri; men pa genyen anyen ki di ke lè ou priye Bondye pou yon bagay, wap jwenn li.

Si Bondye pa vle timoun nan geri, li pap geri; si Bondye vle pou timoun nan geri, timoun nan ap geri. Sa ke lafwa mande, se asepte sa ke Bondye vle a paske tout sa Bondye vle, li bon. Pa genyen anyen ke Bondye fè ki pa bon.

Gen de fwa, se gerizon ki bon pou nou; gen de fwa tou, se maladi a ki bon pou nou. Li ka menm rive tou ke se lanmò ki nesesè pou nou.

Nan **2 Korint 12 vèsè 6 a 9**, Pòl ekri:

*« Si mwen te vle vante tèt mwen, mwen pa ta yon nonm fou non, paske mwen pa t'ap bay manti. Men, mwen refize vante tèt mwen. Mwen pa ta vle pou yon moun rive konprann mwen plis pase sa li te met nan tèt li mwen ye, lè l' te wè sa m'ap fè, lè l' tande sa m'ap di. Malgre sa, pou lògèy pa fè m' gonfle avèk kalite bèl revelasyon sa yo mwen resevwa, yo ban m' yon kalite maladi nan kò m' k'ap fè m'*

*soufri, ou ta di yon zanj Satan voye maltrete m' pou anpeche m' gen lògèy.*

*An twa fwa mwen lapriyè Seyè a pou maladi sa a, mwen mande l' pou l' wete li sou mwen. **Chak fwa, li reponn mwen: Se favè m' ase ou bezwen. Paske lè ou fèb, se lè sa a moun wè pouvwa mwen nan ou. Se poutèt sa, nan fon kè m', mwen pito pale sou feblès mwen pou pouvwa Kris la ka mete m' anba zèl li. »***

### c) **Gwoup ki pran desizyon baze sou pwomès Bondye.**

Gwoup sa a se yon gwoup ki konprann sa ke lafwa nan Bondye vle di. Yo pote fado priyè yo bay Bondye, men, menm jan ak Pòl, yo konnen ke Bondye ap fè sa ki pi bon an pou yo. Timoun nan ka rive mouri, men yo konnen ke se paske Bondye vle li konsa. Se pa sèlman reziyen ke yo reziyen yo, men yo genyen konfyans ke kelkeswa sa ke Bondye fè, li bon.

Genyen de fwa, ou gen dwa nan yon pozisyon ke ou pa renmen, men se la ke Bondye vle ke ou ye nan moman sa a. Nan **Women 8:28**, nou li:

*« Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l', pou byen tout moun li te fè lide rele. »*

*« Nous savons, du reste, que toutes choses concourent au bien de ceux qui aiment Dieu, de ceux qui sont appelés selon son dessein. »*

Tankou nou toujou tande yo di: « Tout sak va rive'm va sèvi'm yon byen ». Se yon bagay ki fasil pou di, men ki difisil pou ou viv li. Lè ke bagay yo pa jan ke nou ta renmen li an, se lafwa ki fè ou konnen ke se Bondye ki vle li konsa.

Nou bezwen kenbe nan tèt nou ke Bondye toujou sou twòn li; Bondye ap kontwole tout bagay; pa genyen anyen ki rive si ke Bondye pa pèmèt li. Nou bezwen genyen konfyans menm jan ak David lè li te ekri nan **Sòm 23, vèsè premye** ki li:

*« Seyè a se gadò mwen, mwen p'ap janm manke anyen. »*

*« L'Éternel est mon berger: je ne manquerai de rien. »*

### **Seyè a se gadò mwen.**

Youn nan pasaj ki pi familye ak anpil moun se Som 23 ki kòmanse ak pawòl sa yo:

*« Seyè a se gadò mwen, mwen p'ap janm manke anyen. »*

Nan lang franse a, li di:

*« L'Éternel est mon berger: je ne manquerai de rien. »*

Lè ke ou repete ke Letènèl se gadò osinon bèje ou, kisa sa vle di? Kisa bèje osinon gadò a ye?

Si genyen bèje, fòk genyen mouton tou. Si Letènèl se bèje a, ou menm, ou se mouton Letènèl. Lè salmis lan te ekri pasaj sa a, li te konprann byen sa ke li te vle di, paske li te konn fè travay gadò mouton. Men anpil moun pa konprann enpòtans pwen ke salmis lan fè a.

Premyèman, lè David refere ak tèt li kòm yon mouton, se pat yon konpliman ke li te bay tèt li. Anpil moun di ke mouton se yon bèt ki dou, men sa ki di la a se yon bagay ki diferan.

Mouton se yon bèt ki fèb, yon bèt ki pa kapab defann tèt li epi se yon bèt ki sòt anpil. Li depann sou bèje a pou mennen li kote pou li jwenn manje, pou defann li, pou pwoteje li, pou netwaye li. Sa vle di se bèje a ki pou fè tout bagay pou li; li pa kapab fè anyen pou kont li. Lè yon mouton pèdi nan raje a, se bèje a ki pou ale chèche li. Li pap janm jwenn wout pou li tounen paske mouton pa menm konnen si li pèdi nan bwa a, sitèlman li sòt.

David di ke se Seyè a ki tout pou li. Se Bondye kap pwoteje li, kap defann li, kap ba li manje, kap netwaye li. Epi David ajoute: « *mwen p'ap janm manke anyen.* »

Sa montre lafwa David nan Bondye. Li genyen konfyans ke Bondye ap ba li tout sa ke li **bezwen**. Menm jan ke Pòl te ekri ak kretyen Filipi yo pou li di yo:

« *Bondye ki rich anpil la va ban nou **you sa nou bezwen** nan Jezikri.* » (**Filip 4:19**)

Jezi di konsa:

« *Se poutèt sa, mwen di nou: Pa bat kò nou pou sa nou bezwen pou manje ak bwè pou viv, ni pou rad nou bezwen pou mete sou kò nou. Eske lavi a pa pi konsekan pase manje? Eske kò a pa gen plis valè pase rad?*

*Gade zwazo k'ap vole nan syèl la: yo pa plante, yo pa fè rekòt, yo pa sere anyen nan galata. Men, Papa nou ki nan syèl la ba yo manje. Eske nou pa vo pi plis pase zwazo yo? Kilès nan nou, afòs li fè tèt li travay, kapab mete kèk lanne an plis sou lavi l'? Poukisa pou n'ap bat kò nou pou rad pou nou mete sou nou? Gade ki jan flè raje yo pouse nan savann. Yo pa travay, yo pa fè rad.*

*Malgre sa, m'ap di nou sa, wa Salomon ki wa Salomon, ak tout richès li yo, pa t' gen bèl rad tankou yonn nan flè sa yo. Se konsa Bondye abiye pye zèb yo ki la nan jaden an jòdi a, men denmen yo jete sa nan dife pou chofe fou. Nou pa bezwen mande si li p'ap abiye nou tou. Ala manke nou manke konfyans nan Bondye!*

*Pa chaje tèt nou ak yon bann kekasyon: Kisa n' pral manje? Kisa n' pral bwè? Kisa n' pral mete sou nou? Tout bagay sa yo, se moun lòt nasyon yo k'ap kouri dèyè yo tout tan. Men nou menm, nou gen yon Papa nan syèl la ki konnen nou bezwen tout bagay sa yo. Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou.*

*Se sa ki fè, pa chaje tèt nou pou denmen, paske denmen va gen zafè pa li. Chak jou gen kont chay pa yo.»* (**Matye 6:25-34**)

Se swa ke ou kwè ke Jezi tap bay manti osinon li tap pale verite. Si ou pa kwè nan sa Jezi di la a, fè sa ou vle. Men, si ou konnen nan kè ou ke Jezi pap bay manti, ou bezwen viv sa ke Jezi di la. Sa, se viv pa lafwa!

Sa se yon bagay ki mete lapè nan lavi ou lè ke ou genyen lafwa ke Bondye se bèje ou, lap ba ou tout sa ke ou bezwen. Nan nenpòt sitiyasyon ke ou ta ye, Bondye ap toujou la pou Li pran swen ou.

Kontrè lafwa pou yon kretyen, se doute. Lè ke yon kretyen doute nan sa ke Bondye pwomèt pou li fè, kretyen an pa genyen lapè nan lavi li; tout kote li vire, se pwoblèm. Men, si ou mete lafwa ou menm jan ak David ke Seyè a ap pran swen ou, wap genyen lapè nan lavi ou. Menm lè ou ta nan mitan tout kalite pwoblèm, ak Jezi ki la pou pran tout pwoblèm yo pou ou, ou pa genyen pwoblèm vre. Sa, se viv pa lafwa.

Nan **Matye 14**, nou te wè ke Pyè te rive mache sou dlo. Men, lè ke li te retire je li sou Jezi, li mete li sou gwo van an, li te rive doute.

Nan **Mak 4**, nou jwenn ke disip yo te nan yon ti bato ak Jezi. Lè yon gwo van te kòmanse soufle, mesye kouri reveye Jezi ki tap dòmi paske yo te pè. Jezi te pase van an lòd epi tout bagay te kalme yo. Nan **Mak 4 : 40**, nou li :

« *Après sa, li di yo: -Men, poukisa nou pè konsa? Nou poko gen konfyans toujou?»*

« *Puis il leur dit: Pourquoi avez-vous ainsi peur? **Comment n'avez-vous point de foi?*** »

Lè lafwa tonbe, lapèrèz ak kè twouble pran plas li. Aprè Jezi te fè disip yo konnen ke genyen youn nan yo ki ta pral trayi Li epi Li te genyen pou Li te souffri, kè mesye yo te twouble ; men Jezi te di yo :

« *Pa kite bagay sa yo toumante nou. Mete konfyans nou nan Bondye, mete konfyans nou nan mwen tou.* »

« *Que votre coeur ne se trouble point. Croyez en Dieu, et croyez en moi.* »

Se menm jan an tou, nou menm, lè nou retire je nou sou bèje a epi nou mete fikse je nou sou sitiyasyon yo, rezilta a se dout, se lapèrèz. Nou vin ap gade gwo pwoblèm yo kòm si genyen pwoblèm ki twò gwo pou Bondye rezoud. Lè nou konsantre nou sou grandè Bondye, lap posib pou nou viv pa lafwa.

# Razon ki kapab lakòz yon moun pa mache pa lafwa

## 1- Renmen lajan

Nan **1 Timote 6 vèsè 10 a 12**, nou li:

« *Paske, renmen lajan fè moun fè tout kalite bagay ki mal. Gen moun ki sitèlman anvi gen lajan, yo pèdi **chemen lafwa** a nèt: se pa de ti soufrans ki tonbe sou yo. Men ou menm ki moun Bondye, evite tout bagay sa yo. Chache mennen yon lavi ki dwat pou ou ka sèvi Bondye nan tou sa w'ap fè, **avèk konfyans**, avèk renmen, avèk pasyans ak dousè. Mennen **batay pou lafwa a byen**. Kenbe lavi ki p'ap janm fini an fèm. Paske, se Bondye menm ki te rele ou pou ou te konnen lavi sa a, lè ou te byen pale devan yon bann temwen, pou fè konnen jan ou gen lafwa. »*

« *Car l'amour de l'argent est une racine de tous les maux; et quelques-uns, en étant possédés, se sont égarés loin **de la foi**, et se sont jetés eux-mêmes dans bien des tourments. Pour toi, homme de Dieu, fuis ces choses, et recherche la justice, la piété, **la foi**, la charité, la patience, la douceur. Combats **le bon combat de la foi**, saisis la vie éternelle, à laquelle tu as été appelé, et pour laquelle tu as fait une belle confession en présence d'un grand nombre de témoins. »*

Renmen lajan kapab fè ou ale lwen lafwa; lap enpoze ou mache nan lafwa. Lè yon moun renmen lajan, lajan vin mèt li; se lajan ki kontwole lavi moun nan. Lè yon moun genyen lanmou lajan nan kè yo, yo kwè ke tank yo genyen plis lajan, se pi bèl ke lavi a ye pou yo. Yo mete nan tèt yo ke depi ke yo genyen lajan, yo pa genyen pwoblèm

## 2- Vye kwayans ki pa sòti nan Bondye

« *Lespri Bondye te di sa byen klè: nan dènye tan an, **gen moun k'ap lage konfyans yo nan Bondye**. Yo pral obeyi yon bann lespri k'ap bay manti, yo pral swiv yon bann pawòl ki soti nan move lespri yo. Y'ap kite yon bann moun ipokrit fè yo pèdi tèt yo ak manti. Konsyans moun sa yo fini, ou ta di yo boule ak yon fè cho. Y'ap plede di sa pa bon pou moun marye, gen kalite manje moun pa gen dwa manje. Men, se Bondye ki kreye manje sa yo pou moun ki gen konfyans nan li epi ki rive konn verite a ka manje lè yo fin di Bondye mèsè. »*

« *Mais l'Esprit dit expressément que, dans les derniers temps, **quelques-uns abandonneront la foi**, pour s'attacher à des esprits séducteurs et à des doctrines de démons, par l'hypocrisie de faux docteurs portant la marque de la flétrissure dans leur propre conscience, prescrivant de ne pas se marier, et de s'abstenir d'aliments que Dieu a créés pour qu'ils soient pris avec actions de grâces par ceux qui sont fidèles et qui ont connu la vérité. » (1 Timote 4:1-3)*

Lè yon moun kwè nan tout kalite istwa ke li tande epi li pran istwa sa yo kòm pi gwo verite ki

egziste, sa kapab lakòz moun nan pa kapab mache pa lafwa. Nan kilti ayisyèn nan, genyen yon bann vye kwayans ki pa genyen okenn sous verite ladan yo. Anpil ladan yo pa genyen danje ladan yo; men, genyen kèk ladan yo ki lakòz kretyen yo pa kapab kanpe fèm nan lafwa.

Kòman pou ou ta konprann ke yon moun ki di ke li se kretyen, sa vle di Sentepri abite nan li, se Bondye menm kap veye sou li epi menm moun sa a di ou ke li pè lougarou, li pè dyab ?

### 3- Lè ou retire zye ou sou Jezi

Si nou ta retounen nan **Matye 14**, kote ke nou wè ke lè Pyè te retire zye li sou Jezi, li te koumanse koule anba dlo. Genyen anpil rezon ki kapab fè yon moun retire zye li sou Jezi. Gen se fwa, se pwoblèm yo ki kapab fè sa. Lè sa a, nou vle fè pwoblèm yo parèt pi gwo ke Jezi.

Gen de fwa tou, se anbisyon ki kapab fè sa. Nou vle plis ke sa ke Bondye ba nou; nou mete nan tèt nou ke tank nou genyen pi plis, se tank li pi bon pou nou. Nou bezwen fè tèt nou sonje chak jou nan lavi nou ke: « **San Jezi, nou pa anyen.** »

Pa egzanp, tout paran ta renmen wè bon bagay pou pitit yo; tout manman ta renmen pou pitit yo ta genyen siksè nan lavi yo. Sa ke paran yo bezwen konprann, sè ke san Jezi, timoun yo pa anyen. Pitit ou a ta gen dwa rive vin prezidan Dayiti, men san Jezi, pitit ou a pa anyen.

Se pa yon pwoblèm pou nou ta renmen pou pitit nou yo ta vin yon doktè, enjenyè, avoka, enfimyè osinon yon òm dafè. Men lè ke nou mete bagay sa yo an premye pozisyon nan lavi nou, sa vin yon pwoblèm. Anbisyon gen dwa tèlman pote nou ale kote ke nou pa menm kapab wè benediksyon ki genyen nan lavi nou.

Si timoun yo pa malad, yo an santé, se yon benediksyon. Si ou pa kwè sa, ale pale ak yon moun ki genyen pitit li ki malad epi doktè di pa genyen espwa pou timoun sa a viv. Si Bondye ba ou opòtinite pou ou jwenn dekwa pou ou bay timoun yo manje pou jodi a, se yon benediksyon. Si ou pa kwè sa, ale pale ak yon moun ki pa genyen anyen ditou pou li bay timoun yo manje. Konsa, anbisyon gen dwa fè nou pa wè benediksyon sa yo.

Sa ki pi enpòtan an pou nou konprann, sè ke anbisyon fè nou retire je nou sou Jezi epi nou pa kapab viv pa lafwa. Nou bezwen kenbe tout bagay yo nan plas yo pou nou pa kite chemen lafwa a. Gen moun ki rive menm pèdi lavi yo akòz de anbisyon ke yo genyen.

## **F**ebli nan lafwa osinon pèdi lafwa

Si yon moun febli nan lafwa osinon pèdi lafwa, èske moun sa a gen mwayen pou li tounen vin jwenn Bondye ankò ? Eske Bondye pa tou rejete moun sa a pou moun nan pa janm parèt devan li ankò?

An nou konsidere Jan Batis ki te fanmi ak Jezi. Jan Batis te konnen Jezi depi nan vant. Nou di sa paske Pawòl Bondye a di nou:

*« Nan menm epòk sa a, Mari soti, li pran chemen pou l' rive byen vit nan yon bouk nan mòn peyi Jide a. Li antre lakay Zakari, li di Elizabèt bonjou. Lè Elizabèt tande Mari di l' bonjou, pitit la pran sote nan vant li. Lamenn Elizabèt vin anba pouvwa Sentespri. Li pran pale byen fò, li di konsa: Nan tout fanm ki sou latè, ou menm ou se yon fanm Bondye beni anpil. Pitit ki nan vant ou a tou Bondye beni li. Kisa m' ye menm, pou manman Mèt mwen vin rann mwen vizit? **Gade! Bonjou ou la poko rive nan zòrèy mwen, pitit la pran sote nan vant mwen tèlman li kontan. Ou se yon fanm beni! Paske, ou te kwè tout pawòl Mèt la voye di ou yo gen pou rive vre.** » (Lik 1:39-45)*

Bib la montre nou ke Jezi ak Jan Batis te vin rankontre pita nan lavi yo ankò. Lè yon bann moun te vin kote Jan Batis bò rivyè a, Jan Batis te di yo:

*« Mwen menm, mwen batize nou nan dlo. Men, nan mitan nou la a, gen yon moun nou pa konnen. L'ap vin apre m', men mwen pa bon ase pou m' ta demare kòd sapat li. Tout bagay sa yo t'ap pase kote yo rele Betani an, lòt bò larivyè Jouden kote Jan t'ap batize a.*

***Nan denmen, Jan wè Jezi ki t'ap vin jwenn li, li di: Men ti mouton Bondye a k'ap wete peche moun sou tout latè. Men moun mwen t'ap pale nou an, lè m' te di nou gen yon nonm k'ap vin apre m' men ki gen plis pouvwa pase m', paske li te la anvan mwen. Mwen pa t' konnen ki moun sa tapral ye. Men, mwen vin batize nou nan dlo pou moun pèp Izrayèl yo te ka rekonèt li.***

*Jan di yo ankò: Mwen wè Lespri Bondye a desann sot nan syèl la tankou yon ti pijon, li rete sou tèt li. Lè sa a, mwen pa t' ankò konnen ki moun li te ye. Men, Bondye ki te voye m' batize nan dlo a, te di m': Wa wè Lespri Bondye a desann. La rete sou tèt yon nonm: Se li menm ki gen pou batize moun nan Sentespri.*

*Jan di yo ankò: Mwen wè sa ak je m', se sa ki fè mwen di nou se li ki Pitit Bondye a vre. Nan denmen, Jan te menm kote a ankò ak de nan patizan li yo. Li wè Jezi ki t'ap pase, li di: Men ti mouton Bondye a. De patizan yo tande sa Jan t'ap di a, yo pran swiv Jezi. » (Jan 1:26-37)*

Nan **Lik 3: 19**, nou jwenn ke Jan te fè chèf Ewòd repwòch poutèt Ewodyad, madanm frè li a, li te pran pou madanm li, epi ak pou anpil lòt move zak li te fè. Pou rezon sa a, Ewòd te mete Jan



Batis nan prizon. Pandan Jan batis nan prizon epi Jezi tap fè anpil mirak, Lik ekri ke:

« *Patizan Jan Batis yo te rakonte tout bagay sa yo bay Jan Batis. Jan rele de ladan yo, li voye yo bò kot Jezi al mande li: Eske ou se moun nou konnen ki gen pou vini an, osinon èske nou dwe tann yon lòt?* » (Lik 7:18-19)

Nou jwenn ke Jan Batis te pwoklame ak tout moun ke se Jezi ki ti mouton Bondye a kap wete peche tout moun sou latè. Men kounye a ke misye nan prizon, genyen yon chanjman ki fèt; li bezwen pou Jezi asire li ke sa li te kwè a se sa li ye vre. Jan Batis te rive nan yon pozisyon kote lafwa li te an kesyon. Nou kontinye li:

« *Lè mesye sa yo rive bò kot Jezi, yo di li: Jan Batis voye nou bò kote ou vin mande ou: Eske ou se moun nou konnen ki gen pou vini an, osinon èske nou dwe tann yon lòt? Lè sa a, Jezi t'ap geri anpil moun malad ak anpil moun enfim, li t'ap wete yo anba pouvwa move lespri, li t'ap fè anpil avèg wè ankò.*

*Aprè sa, li reponn moun Jan Batis te voye yo konsa: Ale rakonte Jan sa nou sot wè ak sa nou sot tande la a: je avèg yo louvri, moun ki t'ap bwete yo mache byen, moun ki te gen maladi lalèp yo geri, moun soudè yo tande, moun mouri yo leve, pòv yo tande bon nouvèl la. Benediksyon pou moun ki p'ap jwenn nan mwen okazyon pou yo tonbe nan peche.*

*Lè moun Jan te voye yo al fè wout yo, Jezi kòmanse pale ak foul moun yo sou Jan Batis. Li di yo konsa: Kisa nou te al wè nan dezè a? Yon pye wozo van ap balanse? Non. Men, kisa nou te al wè menm? Yon nonm abiye ak bèl rad? Ala, moun ki abiye ak bèl rad, k'ap viv nan jwisans, se kay wa yo jwenn yo. Men, manyè di m' kisa nou tal wè? Yon pwofèt? Wi. Mwen menm, mwen di nou: li pi plis pase yon pwofèt. Men sa ki te ekri sou Jan Batis: Men m'ap voye mesaj m' lan devan ou, la louvri chemen an devan pou ou.*

***M'ap di nou sa: Nan tout moun ki fèt sou latè pa gen yonn ki pi konsekan pase Jan Batis. Men, moun ki pi piti nan peyi kote Bondye wa a pi konsekan pase li. »***  
(Lik 7:20:28)

Nou wè ke Jezi pat desann valè Jan Batis. Jezi pat di ke Jan Batis pat sipoze poze kesyon sa a paske Jezi te konprann feblès Jan Batis la menm jan ke Li konprann feblès nou yo tou. Lè ou tonbe osinon ou febli, se pa rete kote ke ou tonbe a, se leve epi reprann mach ou ak Jezi. Moun gen dwa kontinye ap kritike yon moun lè ke li te tonbe epi li gen tan leve deja.

Jezi pa menm pran feblès Jan Batis la kòm yon bagay pou li te pale sou li. Nan zye Jezi Jan Batis te toujou menm Jan Batis ke li te toujou konnen an.

An nou pran egzant Pyè !

Anvan lanmò Jezi, nou jwenn yon konvèsasyon ke Jezi te genyen ak Pyè ; nou li :

« *Simon, Simon, koute: Satan mande pouvwa pou l' pase nou tout nan laye, tankou grenn y'ap vannen. Men, mwen lapriyè pou ou, Simon, pou konfyans ou nan Bondye pa febli. Ou menm, lè wa tounen vin jwenn mwen, bay frè ou yo fòs.*

*Pyè di li: Mèt, mwen pare pou m' al nan prizon avè ou, pou m' mouri menm avè ou. Jezi reponn li: Pyè, tandè sa m'ap di ou: **kòk p'ap gen tan chante jòdi a, w'ap di ou pa konnen m' pandan twa fwa.** » (Lik 22:31-34)*

Nou konnen sa ki te pase. Pyè te di ke li pat konnen Jezi pandan twa fwa jan ke Jezi te di a. Nan moman ke Jezi te anba chèn, mechan yo tap akize li, yo tap kale li, Pyè te abandone li. Men, nou wè ke Jezi pat chanje opinyon li de Pyè. Lè medam yo te ale nan kavò a, an nou li mesaj ke yo te jwenn nan.

*« Yo antre nan kavò a, yo wè yon jenn gason chita sou bò dwat la; li te gen yon wòb tou blan sou li. Yo te sezi, yo te pè. Men, jenn gason an di yo: -Nou pa bezwen pè: N'ap chache Jezi, moun Nazarèt yo te kloure sou kwa a? Enben, li leve soti vivan nan lanmò, li pa isit la. Gade. Men kote yo te mete l' la. **Ale di disip li yo ansanm ak Pyè, li al tann yo nan peyi Galile. Se la y'a wè l', jan l' te di yo a.** » (Mak 16:5-7)*

Jezi te vle asire ke li pat retire konfyans li nan Pyè ; konsa, nou wè ke mesaj la te bezwen ale jwenn disip li yo **ak Pyè**.

Nou menm ki nan legliz, kòman ke noun trete moun sa yo ki febli nan lafwa yo ?

Eske nou ale chèche yo pou nou ankouraje yo pou yo tounen nan plas yo ?

Kisa ke nou fè pou ede moun sa yo nan mach yo nan lafwa ?

Nou bezwen mande tèt nou kisa Jezi li menm tap fè epi swiv egzanp Jezi a.

## Gwo mesye nan Bib la.

Nou jwenn anpil moun nan Bib la ke nou itilize kòm egzanp pou nou menm jodi a. Moun sa yo se moun ke Bondye te apwouve, moun ki te fè gran bagay nan lavi yo. Nou jwenn ke se nan ras Abraram ke Jezi te sòti. Nou jwenn ke se Moyiz ki te an chaj pou retire pèp Izrayèl la sòti an Ejip pou mennen yo Kanaran.

Eske genyen posibilite pou kretyen kap viv nan tan ke nap viv kounye a rive akonpli gwo bagay pou Bondye ? Pou yon kretyen rive fè gwo bagay, fòk yo ta genyen menm bagay ke ansyen mesye sa yo te genyen ki te pèmèt yo genyen siksè ke yo te genyen an. An nou gade kèk moun nan Bib la.

### Moyiz

Nou kapab di ke tout moun konnen tande pale de Moyiz. Moyiz se youn ke Bondye te pale ak li fas a fas; se li menm ke Bondye te bay 10 kòmmanman yo pou pèp Izrayèl la. Li te travèse lanmè wouj ak pèp la san pye yo pat mouye paske lanmè a te fann fè de (2) bò. Men, Moyiz pat yon moun pafè. Si nou gade nan istwa Moyiz, nou jwenn ke misye te fè yon move zak. Nan Egzòd 2 vèsè 11 a 12, nou li:

*« Lè sa a, Moyiz te fin grandi. Yon jou, li soti pou l' al vizite moun pèp Izrayèl parèy li yo. Li wè jan yo t'ap fè yo travay di. Li wè yon moun peyi Lejip ki t'ap bimen yon ebre anba kou, yonn nan moun parèy li yo. Li voye je l' adwat, li voye je l' agoch, li pa wè pesonn. Li touye moun pèyi Lejip la, li fouye yon twou nan sab la, li kache kadav la. »*

### David

David se yon lòt moun ki te espesyal devan Bondye. Nan **Travay 13:22**, nou li:

*« Lè li wete Sayil, li ba yo David pou wa. Men sa Bondye te di sou David: Mwen jwenn David, pitit gason Izayi a. Se yon nonm ki fè m' plezi. Li va fè tou sa m' vle l' fè. »*

*« puis, l'ayant rejeté, il leur suscita pour roi David, auquel il a rendu ce témoignage: J'ai trouvé David, fils d'Isaï, homme selon mon coeur, qui accomplira toutes mes volontés. »*

Men, lè nou gade lavi David, li te fè anpil bagay grav tankou lè nou li sa ki pase ant David, Batcheba ak Ouri nan **2 Samyèl 11**. Lè nou li pasaj sa a, nap wè ke Ouri pèdi lavi li paske Batcheba te fè adiltè ak David.

David se te yon nèg ki te renmen fanm anpil. Nan **1 Samyèl 25:42-44**, nou li

*« Abigayèl leve byen vit, li moute bourik li. Li pran senk jenn fi ki t'ap sèvi avè l' lakay li. Li pati ak mesaje David yo. Se konsa li vin madanm David. David te deja marye ak Akinoam, moun lavil Jizreyèl. Li vin pran Abigayèl koulye a, sa te fè l' de madanm. Sayil menm bò pa l' te pran Mikal, pitit fi li a ki te madanm David, li*

*marye l' ak Palti, pitit gason Layis, moun lavil Galim. »*

**Nan 2 Samyèl 5:12-13**, nou li:

*« Lè sa a atò, David wè tout bon vre se Seyè a menm ki te mete l' wa pèp Izrayèl la. Se li menm menm ki te fè tout bagay mache byen pou gouvènman li a, akòz pèp li a, pèp Izrayèl la. Lè David kite lavil Ebwon pou li al lavil Jerizalèm, rive **la li pran lòt madanm ak lòt fanm kay ki ba li lòt pitit gason ak lòt pitit fi.** »*

## Jakòb

Nan **Jenèz 27**, nou jwenn ke Jakòb twonpe papa li, Izarak pou li te kapab pran benediksyon Ezaou a. Lè Ezaou aprann sa ke Jakòb fè a, li di:

*« Sa fè dezyèm fwa li pran sak pou mwen. Eske se paske li rele Jakòb la kifè l'ap pase devan m' konsa? Premye fwa a, li te pran dwa m' kòm premye pitit. Men koulye a, li pran benediksyon ki te pou mwen an! » (Jenèz 27:36)*

Se pou rezon sa a ki fè ke Ezaou te deside pou li touye Jakòb aprè papa mesye yo te mouri.

Lè nou li sa ki pase ant Laban ak Jakòb nan **Jenèz 30:26 a 43**, kisa nou panse de sa?

Malgre tout bagay sa yo, nan **Malachi 1, vèsè 2 a 3**, nou li:

*« Seyè a di: Mwen renmen nou! Men, pèp la reponn: Ki jan ou renmen nou an? Men sa Seyè a reponn yo: Ezaou ak Jakòb, apa de frè yo ye. **Mwen renmen Jakòb ak tout pitit pitit li yo. Men, mwen rayi Ezaou ak tout pitit pitit li yo.** Mwen ravaje tout mòn peyi Ezaou a. Mwen fè peyi yo a tounen savann kote bèt nan bwa rete. »*

Jakòb ki te yon nonm ki te renmen twonpe moun, men Bondye di ke li renmen misye. (Nou kapab li Women 9 :10 a 15 pou aprann plis sou sijè sa a.). Bondye te vin chanje non Jakòb ; Li rele misye : Izrayèl.

Nou kapab wè ke Bondye itilize anpil moun ki pat bon poufè gwo bagay. Kisa ke moun sa yo te genyen ki fè ke Bondye te itilize yo? Kisa ke nou bezwen pou Bondye itilize nou menm jan ke Li te itilize moun sa yo?

Tout moun sa yo te kalifye akòz de **LAFWA** yo.

Se sa ke nou bezwen pou nou genyen siksè nan lavi nou. San lafwa, ou pap reyisi fè anyen ki genyen vale etènèl.



